



Evalyasyon konplè yo

Bezwen yo ak fòs timoun ak adolesan yo

ak Sistèm evalyasyon kowòdone

Tout bagay sou ou

Ou nan mitan pwosesis evalyasyon an

Evalyasyon konplè yo bezwen yo ak fòs timoun ak adolesan yo (CANS) ak sistèm evalyasyon kowòdone (CAS)

CANS ak CAS yo se evalyasyon ki kolekte enfòmasyon sou fòs ou yo, bezwen ou yo, ak enterè ou yo pou ede manadjè swen ou a kreye yon plan sèvis ak sipò ki bon pou ou. CANS la fèt pou timoun ak jèn yo (jiska 17 lanne) epi CAS la se pou granmoun yo (ki gen plis ke 18 lanne). CANS la ak CAS la asire moun k ap resevwa sèvis yo nan mitan sant pwosesis planifikasyon an.

Kijan CANS ak CAS yo fonksyone?

Yon evalyatè ki resevwa fòmasyon ap pale avè w menm ak lòt moun ou chwazi yo ki konnen w pi byen sou lavi ou: enterè w yo, konpetans lavi w yo, sante ou, ak sistèm sipò ki egziste deja yo. Konvèsasyon an ap baze sou ou, men li ka gen ladan l kòmantè lòt moun yo ki konnen w byen, tankou yon moun ki nan sèk sipò w, manb nan fanmi w yo, zanmi w yo, ak / oswa moun ki bay sipò w deja yo. Evalyatè a pral revize enfòmasyon pase w yo tou pou asire ke yo gen tout bagay ladan l ki nesesè pou ranpli CANS oswa CAS la, tou depann de laj ou. Enfòmasyon sa yo ap disponib pou Manadjè swen ou a, ki pral pataje enfòmasyon yo avèk ou.

Kòman CANS oswa CAS ap ede m jwenn bon sèvis yo?

Enfòmasyon ou pataje yo pandan evalyasyon an ap ede Manadjè swen ou a devlope yon plan lavi ki pral endike ki sipò kap bon pou ou yo. Li enpòtan pou ou, fanmi w, ak anplwaye sipò dekri sa ou vle ak sa ou gen pou bezwen pou founisè sèvis ou a ka ba w sipò ak yon bon kalite sèvis pou ou ak fanmi w.

Si mwen deja resevwa sèvis yo, èske mwen bezwen fè yon evalyasyon?

Nenpòt moun k ap resevwa sèvis nan men OPWDD a ap oblije ranpli yon CANS oswa CAS. Enfòmasyon yo ki soti nan evalyasyon an pral itilize pou asire ke sèvis ou yo koresponn ak bezwen w yo ak enterè ou yo.

Kòman pou mwen kòmanse?

Evalyatè a pral rele w pou planifye yon diskisyon epi mande manadjè swen w la pou asire nenpòt lòt moun ou ka vle patisipe nan diskisyon an, tankou manb fanmi yo, enkli tou. Si w se yon nouvo epi ou pa gen yon Manadjè swen, evalyatè a ap travay avè w ak moun ki sipòte w yo pou asire w ke tout moun ki dwat yo fè entèvyou.

Kòman mwen ka asire ke CANS oswa CAS ap travay pou mwen?

CANS ak CAS yo te teste ak valide pou itilize ak moun ki gen andikap entelektyèl yo ak / oswa devlopman. CANS yo fèt espesyalman pou timoun yo ak jèn yo, epi CAS la fèt pou apwopriye pou granmoun yo.

E lòt evalyasyon OPWDD yo mande?

Yo ka mande w tou pou w pran diferan kalite evalyasyon. Plizyè yo obligatwa pa lalwa epi avèk règleman, ak kèk nan yo se zouti sèvis planifikasyon siplemantè yo itilize pa Manadjè swen yo. Tout bay enfòmasyon esansyèl yo pou asire sèvis yo pral satisfè bezwen tout moun. Gen kèk nan evalyasyon yo ke ou ka rankontre yo se:

| | | |
|---|---|---|
| Pwofil andikap Devlopman yo - 2 (DDP-2) | Obligatwa | Itilize kòm evalyasyon bezwen fonksyonèl yo, yo pral ranplase pa CANS ak CAS nan tan kap vini an |
| CAS/CANS | Obligatwa | Itilize kòm evalyasyon bezwen fonksyonèl yo, pral ranplase DDP-2 nan tan kap vini an |
| IAM oswa lòt zouti CCO | Si ou vle | Itilize nan planifikasyon ki baze sou moun kòm yon zouti pou prepare yon plan lavi; Manadjè swen yo ka itilize IAM oswa yon lòt zouti planifikasyon |
| Adaptasyon fonksyonman evalyasyon yo, evalyasyon siko-sosyal yo ak lòt evalyasyon espesifik ki nan disiplin klinik yo ak / oswa sèvis yo mande yo | Obligatwa, men depann sou sèvis yo mande oswa resevwa | Itilize pou demontre kalifikasyon pou sèvis OPWDD yo |

Kisa k ap pase aprè evalyasyon CANS / CAS la?

Manadjè swen ou ap pataje rapò CANS la oswa rezime CAS la avèk epi rankontre avèk pou pale sou li.

Kèlkeswa sa ou menm ak / oswa sipòtè ou yo di ki enpòtan pou konnen yo pral ekri, epi enfòmasyon sa yo pral itilize pou ede w devlope plan lavi w, oswa mete ajou lòt dokiman yo jan sa nesèsè.

Si ou menm ak / oswa moun ki sipòtè w yo ou gen kesyon sou enfòmasyon ki nan

Rapò CANS yo oswa rezime CAS:

- Mande Manadjè swen ou an. Manadjè swen ou ka reponn kesyon yo sou rapò a oswa rezime a.
- Si Manadjè Swen ou pa ka reponn kesyon ou yo, oswa si ou gen enkyetid, Manadjè Swen ou a ka pataje kesyon sa yo ak OPWDD la.
- OPWDD ap kontakte Manadjè swen ou a pou pale oswa reponn ak kesyon ou yo / oswa enkyetid yo, oswa
- Ou ka rele OPWDD a dirèk nan (518) 473-7484 epi kite non ou, non moun ki te evalye a, ID TABS yo (se konsa li te ye) ak yon nimewo telefòn.

- Yon manb nan ekip OPWDD CANS / CAS la ap kontakte w epi ede w reponn kesyon ou yo.